# QARAQALPAQ JIRAW BAQSILARININ' SHA'KIRT TAYARLAW MEKTEPLERI

Zinatdin Nuratdinov Elubaevich
Qoraqalpog'iston Respublikasi Qo'ng'irot tumani Yunus Rajabiy nomidagi O'zbek milliy musiqa san'ati instituti doston ijrochiligi kafedrasi o'qituvchisi
https://doi.org/10.5281/zenodo.10073950

**Kirish.**

O'tkendegi qaraqalpaq xalqinin' da'stu'rinde xaliq jirshilarinin' sha'kirt tayarlawlar ha'r tu'rli bolg'an. Sonin' ishinde jirawlardin' sha'kirt tayarlaw jollari bir qansha o'zinshelikke iye.

Jirawshiliq o'nerge talping'an adamlar ataqli, aytqish jirawlarg'a sha'kirt boliwdi a'rman etken. Jirawlar mine usinday intali adamlardan o'z do'geregine sha'kirt toplag'an.

Jirawlar sha'kirtine o'z so'zin birden u'yretpegen, ustazi el aralap jirawshiliq qilg'anda jan'a kelgen sha'kirt onin' izine erip, ustazina xizmet qilip ju'rgen: jirawdin' atin baqqan, atin ertlep alent, ol jirlag'anda so'zin tan'lag'an. Bul protsess uzaq jillar dawam etken. Jiraw bos waqitlari o'zinin' jirlag'an da'staninin' mazmunin sha'kirtine so'ylep alent. O'zinin' ustazg'a qalay sha'kirt bolg'anin ustazdan so'zdi qalay uyrengenin ga'p etken. O'zi ustazi ha'm basqa da jirawlar haqqindag'I qobiz ha'm qobiz namalari tuwrali taralg'an aniz, erteklerdi o'z sha'kirtine so'ylep alent. Bul na'rse sha'kirttin' ustazg'a degen siy hu'rmetin asiratug'in bolg'an. Sha'kirt ustazdin' u'y-xojaliq xizmetlerinde atqarg'an.

Aradan jillar o'tkennen keyin jiraw bolajaq sha'kirtine qobiz du'zettirgen, ya bolmasa o'lip ketken ustazlardan qalg'an miyras qobizin siyliqqa alent. Sha'kirtke miyras qobizdi tapsiriwu'lken saltanat penen adamlar aldinda o'tetug'in bolg'an. Bul na'rse sha'kirttin o'mirindegi en' quwanishli waqiya bolip esaplang'an. Endi ustaz og'an qobiz shertiwdi u'yrete baslag'an. Kishi-girim toy-tamashalarda da'stanlardin qiziqli jerlerinen u'zindiler ayttirg'an, qisqa terme, tolg'awlar jirlatqan, So'ytip birneshe sinaqtan o'tkennen keyin, sha'kirtin jirlatip ko'rip, sinap, tayarlap bolg'annan keyin, ustaz o'z sha'kirtine aytiwg'a ruxsat alent. Sog'an shekem aradan jillar o'tiwine qaramastan o'zinshe aytiwg'a ruxsat etpegen.

Qaraqalpaq baqsisi menen qissaxanlardin' sha'kirt tayarlaw jollarida jirawlardin' sha'kirt tayarlawina uqsaydi, biraq bir az ayirmasi bar.

Baqsilar o'zinin' bolajaq sha'kirtinin' saz shertiw uqibina qaraydi, sazendeligin tekserip ko'redi. Baqsi o'z sha'kirtinin' sazendelik uqibin sinap ko'rgennen keyin, buring'I go'ne da'stu'r boyinsha sha'kirttin qolina duwtar berip, elsiz uzaq jerdegi joldin' ashasinda tu'newdi buyiradi. Sha'kirt sol barg'an joldin ashasinda tu'nep, onin' tu'sine baqsi, sazende bolatug'ini ayan bergennen keyin, qaytip kelip ustazina tu'sin joritadi. Bunday go'ne da'stu'rdi ha'zirgi baqsilar qollanbaydi. Bug'an ziyanli da'stu'r dep qaraw kerek. Bizin' zamanda ustaz o'z sha'kirtin toylarg'a ertip baradi, o'zi da'stan aytqanda sha'kirt janapayg'a duwtar shertedi, bir neshe jillardan keyin ustazdan ruxsat alip, o'z aldina baqsi boliw da'rejesine jetisedi.

Qobizdin' piri Qorqit ata X-a'sirde jasap o'tken qobizdin' payda boliw X-asirde usi mag'liwmatlarga suyenip aytsaq boladi. Qobizdin' payda boliwi Qorqit atadan baslansa Jirawshiliktin payda boliwi XIV-a'sirde Soppasli Sipraj jirawdan baslangan.

Qaraqalpaq jirawlarinda bul a'sbap haqqinda minaday legendalar saqlang'an. Esemurat jiraw menen Qiyas jiraw bilay deydi:

Qobizdin' piri Qorqit ata ha'm Diywanayi buriq dep esitemiz. Bizlerden buring'io'tken jirawlar bilay dep a'psana qilatug'in edi. Qorqit ata ag'ashtan qobiz islep saz shertiwdi a'rman etipti. Ko'p ag'ashlardi jonip ha'lek bolsa da, islegen qobizinan na'tiyje shig'ara almapti. Qorqit atanin'

qobiz jonip otirg'anin shaytanlar ko'rip, Qorqit, atadan qobizindi ko'rset dese, Qorqit ata shaytanlardan jasiripti. Onnan keyin Qorqit ata tog'aydan shig'ip ketetug'in kisige qusap jasirinip barip, ekinshi joldan buqqishlap barip, shaytanlardin' so'zin tiqlapti. Shaytanlar Qorqit ata tuwrali bilay dep otir eken: "Qorqit ata ku'ta'a'jayip isti baslag'an eken, biraq axirina jetkere almapti. Egerde tog'aydag'I don'iz su'ykenip quwrag'an jigildik jiydenin' ag'ashinan qobizdi jonsa, onnan tostag'an shig'arsa, onin' tostag'anin baqirawiq tu'yenin' bas terisi menen qaplasa, og'an kisnewik attin' quyrig'inan alip qil taqsa, qumlaqta, tawda o'setug'in sasiq quraydin' shiresinen (shayirinan) jaqsi qildin' astinan ko'terip turatug'in go'ne qabaqtan jonip tiyek salsa, ju'da' shiqqish a'sbap bolg'an bolar edi. «Qorqit ata shaytanlardin' bul so'zin esitip izinen g'irra qaytip, shaytanlardin' aytqaninday qilip qobizin islegen eken, tu'rli namag'a shertiletug'in saz a'sbabi, ju'da' jaqsi qobiz bolipti. Qorqit ata qobizdi ha'rtu'rli namag'a salip shertip jure beripti. Mine sol sol eken Qorqit ata qobizdin' piri bolipti...".

Jiraw-qolina qobiz alip xaliqtin' a'debiy miyrasi bolg'an, da'stanlardi, tariyxiy jirlardi jirlap, jiyilg'an ko'pke tamasha beriwshi, o'z zamaninin' arziw-a'rmanin aytiwshi, qobizg'a qosip awiz a'debiyattin' u'lgilerin: naqil, aqil so'zler, tolg'aw termelerdi propagandalawshi so'z sheberi, alent iyesi, xosh hawazli sa'zende.

Qaraqalpaq xalqinda jiraw u'lken hu'rmetke iye bolg'an. Olar xaliq penen birge bolip, xaliqtin' uli menen qizlarinin' watandi, eldi qorg'awdag'I erlik islerin ko'rkem so'z benen ta'riplegen. O'zinen keyigi sha'kirt qaldiriw olarg'a da'stu'r bolg'an.

Qaraqalpaqlarda jirawshiliq o'neri baqsilarg'a, qissaxanlar menen shayirlarg'a qarag'anda burin payda bolip, xaliq penen birge a'sirler boyio'mir su'rgen.

## References:

1. Ayımbetov.Q. "Tariyxıy qosıqlar, jırawlar repertuarında", "Amiwdarya" Jurnalı, №7 1964 – j.
2. Ayımbetov. Q. Xalıq danalıǵı, ., «Qaraqalpaqstan», Nókis:,1988 – jıl.
3. Adambaeva T. «Jıraw namaları toplamı» alǵı sóz. Saz notaları. Nókis. «Qaraqalpaqstan» 1991., 4 - 5 bet.
4. Bahadırova S. «Kitabi dedem Qorqıt», «Qoblan», «Edige» hám házirgi ádebiyat haqqında oylar. – Nókis 1992.